

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif, kalayan ngagunakeun méthode déskriptif. Méthode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun salasihiji gejala, kajadian nu kaalaman dina waktu panalungtikan lumangsung kalayan ngébréhkeun hal-hal nu jadi puseur panitén dina éta objek panalungtikan. Ieu méthode dieuyeuban ku kagiatan prosés analisis sangkan nyangking pedaran nu teleb ngeunaan struktur sintaksis jeung peran semantis dina kawih Sunda satuluyna dianalisis. Ari anu déskripsikeunana nya éta perkara adegan jeung hubungan semantis antarklausa dina kalimah ngantét nu aya dina rumpaka kawih Sunda.

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka kawih sunda. Judul rumpaka kawih téh éstu loba jumlahna sarta pangarangna. Sakumna judul rumpaka kawih dina ieu panalungtikan dijadikeun populasi. Anapon judul rumpaka kawih nu dianalisis rumpakana dina ieu panalungtikan jumlahna 50 judul rumpaka kawih kalayan pangarangna nu béda di antarana: Mang Koko, Nano S., Doel Sumbang, Darso, jeung Yayan Jatnika, jeung sajabana.

Obyék ieu panalungtikan nya éta Struktur sintaksis jeung Semantis basa Sunda dina rumpaka kawih sunda. Rumpaka kawih Sunda sakumaha nu nyampak

dina populasi téh teu sakabéhna dianalisis, tapi digunakeun sawatara sampel. Anapon judul rumpaka kawih nu dianalisis rumpakana dina ieu panalungtikan jumlahna 10 judul rumpaka kawih. Dipilihna éta sampel data ngagunakeun téhnik *snowball sampling*.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dikumpulkeun ngaliwatan téhnik téks atawa talaah pustaka, nya éta téhnik pikeun ngumpulkeun informasi nu tumali jeung tiori-tiori nu aya patalina jeung masalah katut varibel nu keur ditalungtik. Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data sekunder, dina ieu hal panalungtik meunang ti perpustakaan jeung buku rujukan lianna. léngkah-léngkah ngumpulkeun data, di antarana waé:

- 1) studi dokumentasi di perpustakaan;
- 2) inventarisasi rumpaka kawih Sunda nu kakumpul dina studi dokumen ngaliwatan internet;
- 3) milah-milah data rumpaka kawih dumasar kana jaman jeung wandana (kategori); jeung
- 4) nangtukeun data nu bakal dianalisis.

3.4 Instrumén Panalungtikan


Instrumén ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data, sakumaha ieu di handap.

Kode:
Kalimah:
Adegan:
Hubungan Semantis Antarklausa:

Bagan 3.1: Format Kartu Data

3.5 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipuseurkeun kana wangun jeung hubungan semantis antarklausa kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda. Anu ditalungtik dina wangun kalimah ngantét nya éta kalimah ngantét koordinasi. Sedengkeun nu ditalungtik dina wengkuan hubungan semantis antarklausana nya éta hubungan jumlah, hubungan lalawanan, hubungan milih, hubungan tumuluy, hubungan sinambung, jeung hubungan panandes.. Patalina jeung masalah dina ieu panalungtikan, alur ieu panalungtikan digambarkeun sakumaha bagan di handap.



Bagan 3.2: Paradigma Panalungtikan

3.6 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu dilakukeun mangrupa téhnik analisis unsur langsung, nya éta téhnik nu digunakeun pikeun meunangkeun gambaran nu jéntré ngeunaan objek nu ditalungtik. Ngaliwatan ieu téhnik, panalungtik bisa ngaanalisis data nepika réngsé. Ieu téhnik téh miboga ogé fungsi salaku éksplorasi nu bisa méré gambaran kalayan jéntré ngeunaan masalah jeung méré pituduh ngeunaan cara ngungkulanana.

Basa jadi panitén poko dina ieu panalungtikan adegan kalimah dina rumpaka kawih sunda. Data anu geus dikumpulkeun jeung diréduksi téh tuluy dianalisis dumasar léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Maca sakabéh data;
- 2) Ngaidéntifikasi kalimah ngantét nu aya dina rumpaka kawih Sunda;
- 3) Ngadistribusikeun data luyu jeung papasinganana, dina ieu hal ngarékap jumlah kalimah kalimah ngantét nu kapanggih dina rumpaka kawih Sunda;
- 4) Nalaah fungsi sintaksis kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda;
- 5) Nalaah hubungan semantis antarklausa dina kalimah ngantét; jeung
- 6) Nyieun kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan.